

# **MAKIHKEUN STANDAR KOMPETENSI MATA PELAJARAN BASA SUNDA DI SMA/SMK/MA<sub>1</sub>)**

**Yayat Sudaryat<sub>2</sub>)**

**Ti bihari nepi ka kiwari,  
ti baheula ka ayeuna natrat nepi ka jaga,  
basa Sunda tetep digjaya.**

## **1. Manggala Wacana**

Taun 2004 kalawan rampak sa-Indonésia mitembeyan dipakéna kurikulum berbasis kompetensi (KBK). Samalah henteu disebut KBK deui, tapi *Kurikulum 2004: Standar Kompetensi*. Munculna éta kurikulum téh teu bisa leupas tina kahanan kurikulum pendidikan di Indonésia, anu terus barobah geusan ngaluyukeun diri kana robahna kamekaran paélmuan katut pamedih panéka jaman. Ari robahna kurikulum téh rata-rata antara 6--10 taun (Kurikulum 1968, 1975, 1984, 1994, jeung 2004). Bédana kurikulum téh pangpangna dina lebah titincakanana, nya éta dumasar kana jejer bahan, sistem unit, téma, jeung kompetensi. Kurikulumna teu goréng alias geus hadé, da anu héngkéna mah lebah prakna, praktékna, atawa impleméntasina.

Ayeuna, kakara ogé dua taun, Kurikulum 2004 téh disarungsum deui, lantaran dianggap "gagal". Bener kitu? Kumaha pangaruhna kana Standar Kompetensi Mata Pelajaran Basa Sunda? Ah, teu kudu hariwang jeung salempang, komo bari jeung mangmang mah. Keur daérah nyatana urang, urang Sunda, anu penting mah "Basa Sunda tetep jaya, tetep jadi mata pelajaran di sakola (ti SD/MI—SMP/MTs), malahan nepi ka SMA/MA di unggal sakola.

Kumaha ari bahan ajar basa Sunda di SMA/K jeung MA? Éta pananya téh jadi jejer pasualan anu baris dipadungdengkeun dina riungan ayeuna.

Patali jeung éta hal, dina ieu tulisan rék dipedar tilu perkara, nya éta (1) tujuan pangajaran basa Sunda di SMA/SMK/MA, (2) ambahan bahan ajar basa Sunda di SMA/SMK/MA, jeung (3) Mekarkeun SK jeung KD jadi Kurikulum SMA/SMK/MA.

## **2. Tujuan jeung Ambahan Bahan Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda di SMA/SMK/MA**

### **2.1 Tujuan Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda**

Samemeh medar perkara ambahan bahan ajar basa Sunda di SMA/MA, perlu dipidangkeun heula ngeunaan tujuan pangajaran basa di SMA/MA. Dina dasarna, aya tilu tujuan pangajaran basa Sunda, nya éta:

- (1) murid mibanda kaweruh ngeunaan basa Sunda,
- (2) murid mibanda kamahéran ngagunakeun basa Sunda, jeung
- (3) murid mibanda sikep anu hadé (positif) kana basa Sunda.

Éta tilu tujuan téh sajalan jeung ranah tujuan atikan anu geus kahot ti Benjamin S. Bloom, nya éta ranah kognitif (*cognitive domain*), ranah psikomotor (*psychomotor domain*), jeung ranah afektif (*affective domain*).

Dina *Standar Kompetensi Bahasa dan Sastra Sunda SMA/SMK/MA* ditétélakeun aya genep tujuan pangajaran, opat di antarana nyoko langsung kana pangajaran basa. Ari anu dua deui patali jeung tujuan pangajaran sastra Sunda. Ari unina tujuan pangajaran basa téh kieu.

*Kahiji*, murid ngajenan jeung mekarkeun basa Sunda minangka basa daérah jeung basa resmi kadua di Jawa Barat (sanggeus basa Indonesia). *Kadua*, murid nyangkem atawa maham basa Sunda tina jihat wangun, harti, jeung fungsi, sarta mampuh makéna kalwan keuna tur rancagé luyu jeung kontéks saperti tujuan, kaayaan, jeung kaperluan. *Katilu*, murid mampuh maké basa Sunda pikeun ngundakkeun kamampuh inteléktual, asak boh émosina boh sosialna. *Kaopat*, murid mibanda disiplin dina maké basa (nyarita jeung nulis) katut mikir. *Kalima*, murid mampuh ngararasakeun jeung nagamangfaatkeun karya sastra Sunda pikeun mekarkeun kapribadian, ngalegaan wawasan kahirupan. *Kagenep*, murid ngajenan tur mikareueus sastra Sunda minangka kakayaan budaya jeung intelektual manusa Sunda.

### **2.2 Ambahan Bahan Ajar Basa Sunda di SMA/SMK/MA**

Bahan ajar basa Sunda teh raket patalina jeung materi lulugu (*pokok*). Ari matéri poko mangrupa poko bahasan jeung subpoko bahasan tina kompetensi dasar (KD) anu kudu dipimilik ku murid. Éta sababna, matéri pokok patali jeung bahan ajar, nya éta bahan ulikan atawa kajian basa Sunda anu sakurang-kurangna kudu diulik ku murid pikeun ngawasa kompeténsi dasar.

Materi poko raket patalina jeung kaweruh basa. Ari kaweruh basa nyoko kana konsép atawa kaédah basa jeung kandaga kecap. Diajarkeunana materi poko kudu dipatalikeun kana kagiatan pangajaran makéna basa, nya éta ngaregpeken, nyarita, maca, jeung nulis.

Konsep basa anu bisa dijadikeun materi poko téh ngawengku rupa-rupa subwidang, di antarana:

- (1) Ucapan jeung aksara: lafal, éjahan jeung tanda baca, aksara, engang;
- (2) Adegan kecap: wangun kecap, warna kecap;
- (3) Adegan kalimah: wangun kalimah, warna kalimah, fungsi kalimah, wanda kalimah;
- (4) Kandaga kecap: warna harti, parobahan harti, tatali harti léksikal, kecap serepan, istilah, pakeman basa, gaya basa, tatakrama basa;
- (5) Wacana: fiksi (prosa, puisi, drama); nonfiksi (narasi, déskripsi, éksposisi, arguméntasi, pérsuasi).

*Pangajaran basa* diadumaniskeun (*terintegrasi*) kana pangajaran makéna basa, kamahéran basa, atawa kaparigelan basa. *Lafal* atawa ucapan diadumaniskeun kana aspék nyarita jeung maca bedas, *éjaan* diadumaniskeun kana aspék nulis dan maca, ari adegan kecap, adegan kalimah, jeung kandaga kecap diadumaniskeun kana sakumna aspék kamahéran basa. Dina *Standar Kompetensi Bahasa dan Sastra Sunda*, konsép basa téh henteu jadi paniten utama, tapi ngan jadi bahan panambah dina raraga diajar makena basa. Ku kituna, matéri pokok basa diadumaniskeun kana opat aspék makéna basa, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeug nulis. Carana diselipkeun dina indikator horizontal hasil diajar.

Lamun dina kagiatan makena basa Sunda muncul pasualan atawa bangbaluh anu patali jeung aspék basa, nya dina kagiatan makéna basa jeung sastra "wanci nu mustari, mangsa anu keuna, waktu anu naktu" pikeun medar jeung ngajéntrékeun aspék basa.

Dina nepikeun materi pokok kudu dumasar kana tinimbangan (1) legana atawa ambahan, (2) kagunaan praktis (luyu jeung kabutuh murid), (3) kasaluyuan satempat (bédana wangun basa jeung wangun dialék), (4) kasaluyuan kamekaran jiwa murid (umur, tahapan, jeung dan prinsip spiral), sarta (4) saluyu jeung alokasi waktu (prinsip palamarta, bahan anu perlu meunang hancengan (porsi) anu saimbang tur luyu jeung waktuna).

Kompetensi basa raket patalina jeung kaweruh perkara kaédah basa, ti mimiti unsur pangleutikna, nya éta sora basa, nepi ka unsur pangjembarna, nya éta wacana. Éta kaedah basa téh teu kudu kabéh diajarkeun, tapi cukup ditunjalan hal-hal anu dianggap pentingna wungkul atawa anu diperlukeun waktu pasualan basa muncul. Ku kituna, guru kudu parigel milih-milih jeung milah-milah kaedah basa mana anu penting atawa diperlukeun. Ari kaédah basa anu bisa dipilih dina raraga pangajaran basa Sunda aya kana 12 rupana saperti ébréh di handap ieu.

### **a. Ngucapkeun**

Ngucapkeun (*pelafalan*) museur kana ngucapkeun unsur-unsur basa katut lentong (*intonasi*)na. Biasana museur kana sora basa atawa foném vokal jeung konsonan. Ari lentong mangrupa kombinasi randegan, wirahma, panandes (aksén), jeung dangka (kuantitas). nyi diucapkan.

### **b. Ngawangun Kecap**

Wangun kecap mangrupa salah sahiji pakakas kalimah (alat sintaktis). Pangajaran wangun kecap diadumaniskeun kana nyusun kalimah. Wangun kecap ilaharna diwincik jadi (1) kecap asal (*salancar*) jeung (2) kecap rékaan (*jembar*). Kecap rekaan ngawengku (a) kecap rundayan atawa dirarangkanan (*awalan, seselan, ahiran, barung, gabung*); (b) kecap rajékan (*dwipurwa, dwimadya, dwimurni, dwireka, trilingga*); jeung (c) kecap kantétan (*rakitan dalit jeung rakitan anggang*).

### **c. Milih kecap**

Milih kecap (diksi) nyoko kana masalah makéna kecap katut hartina. Aspék-aspek harti anu bisa dipilih keur bahan ajar, di antarana:

- (1) warna harti: *saujratna* (denotatif) jeung *injeuman* (konotatif);
- (2) parobahan harti: *ngalegaan, ngaheureutan, ngaluhuran, ngahan-dapan, paselup*;
- (3) tatali harti kecap: *saharti, sabalikna, sangaran, sawengku*;
- (4) pakeman basa (idiom): *babasan, paribasa, rakitan lantip, cacandran, uga, candrasangkala*;
- (5) gaya basa: *ngupamakeun, mijalma, rarahulan, ngasor, rautan*;
- (6) Purwakanti: *laraspurwa, larasmadya, laraswekas, maduswara, margaluyu, mindokecap* (*mindooan kawit, mindooan wekas*); jeung

### **d. Tatakrama Basa**

Tatakrama basa atawa undak usuk basa mangrupa aturan sopan santun dina makena basa Sunda, anu disaluyuan ku warga masarakatna, gunana pikeun silihormat tur silihajenan. Tatakrama basa mangrupa hiji sistem ngagunakeun ragam basa Sunda anu aya patalina jeung kakawasaan (*power*), kalungguhan (*status sosial*), kaakraban (*solidarity*), sarta patalina antara peran panyatur, pamiarsa, jeung jalma nu dicaritakeun.

Tatakrama basa ilaharna dicirian ku ayana opat hal, nya éta (1) lisan (kecap), (2) pasemon, (3) réngkak jeung peta, sarta (4) lentong. Patali jeung pilihan kecap, dina basa Sunda aya dua rupa wangun tatakrama basa, nya éta (a) basa hormat (*lemes*) jeung (b) basa kasar (*loma*). Basa hormat ilaharna sok diwincik deui jadi hormat atawa lemes keur sorangan

(HKS) jeung lemes keur batur (HKB). Ieu papasangan basa lemes saenyana mah anu sok jadi bangbaluh ka panyatur basa Sunda téh, utamana barudak jeung rumaja. Sigana, jalan kaluarna antara HKS jeung HKB bisa ngagunakeun kecap anu sarua atawa siligenti. Upamana, kecap *ngadangu* bisa dipaké keur sorangan atawa keur ka batur.

#### **e. Ngalarapkeun Istilah**

Istilah mangrupa kecap-kecap husus anu dipaké dina widang atawa lingkungan nu tangtu. Pangajaran istilah dipuseurkeun kana larapna dina kalimah atawa paragraf, lain kana midangkeun daptar istilah katut hartina. Ku kituna, murid kudu dilatih nyangkem jeung nyungsi saorangan harti istilah tina kamus sarta larapna kana kalimah.

Istilah-istilah anu bisa dipilih dina pangajaranbasa Sunda, di antarana, patali jeung (1) *kaulinan*, (2) *paélmuan*, (3) téknologi, (4) *tatanén*, (5) organisasi, (6) olahraga, (7) kesenian, (8) keséhatan (*husada*), (9) industri, (10) *pancakaki*, (11) keagamaan, (12) *undagi*, (13) géografi, (14) pariwisata, (15) *pakakas*, (16) *patukangan*, (17) *kadaharan-inuman*, (18) *sasatoan*, (19) *tutuwuhan*, (20) anggahota awak, sarta (21) waktu jeung *usum-usuman*.

#### **f. Ngawangun Adegan Kalimah**

Kalimah mangrupa unsur wacana pangleutikna anu bisa nepikeun gagasan (pikiran, rasa, jeung kahayang). Cindekna, kalimah jadi wujud pangleutikna dina komunikasi basa. Kaweruh ngeunaan kalimah perlu dikawasa ku muird. Najan kitu, pangajaran basa henteu museur kana kaweruh kalimah, tapi larapna dina wacana atawa komunikasi.

Kalimah ngawengku rupa-rupa, di antarana baé:

- (1) wangun kalimah: kalimah basajan, jembar, ngantét, jeung sumélér;
- (2) warna kalimah: pagawéan, barang, sipat, bilangan, jeung pangantét;
- (3) wanda kalimah: akitip-pasip, langsung-teu langsung, sampurna-teu sampurna;
- (4) fungsi kalimah: wawaran, pananya, paréntah, jeung panyeluk.

Pangajaran kalimah diadumaniskeun kana pangajaran wacana. Upamana baé, fungsi kalimah (wawaran, pananya, paréntah, panyeluk) diadumaniskeun kana pangajaran kompetensi nyarita saperti wacana guneman.

#### **g. Bebeneran Eusi Kalimah**

Adegan katatabasaan atawa struktur gramatikal anu payus tur keuna lain mangrupa tujuan dina komunikasi basa, tapi ngan sakadar pakakas

pikeun ngaruntuykeun pesen (pikiran, rasa, atawa maksud) kalawan saécés-écésna. Pesen kudu ditepikeun kalawan ngéntép seureuh (teratur) sangkan babari dicangkem ku pamiarsa. Babari henteu pikiran dicangkem ditangtukeun ku rupining faktor, di antarana, jalan pikiran atawa penalaran (logika). Sangkan henteu patukang tonggong jeung segi penalaran dina umumna, kalimah-kalimah téh kudu nitenan rupa-rupa aspék kayaning wangenan (définisi) jeung rampatan (generalisasi).

#### **h. Ngalarapkeun Kecap Pancén (Partikel)**

Kecap pancén atawa partikel mangrupa salah sahiji pakakas dina nyusun kalimah. Bahan ajar kecap pancén anu bisa dipilih, di antarana: (1) *kecap panganteur*, (2) *kecap panambah*, (3) *kecap panganteb*, (4) *kecap panahap*, (5) *kecap panyambung*, (6) *kecap pangantét*, jeung (7) *kecap panyeluk*. Larapna kecap pancén dina kalimah bisa ngarobah harti tur jadi mamans basa.

#### **i. Nyusun Kalimah Éféktif**

Kalimah éféktif mangrupa kalimah anu kalawan keuna tur payus pikeun nyuluran pesen (gagasan, rasa, kahayang) penyatur nepi ka sarua pisan ditarimana ku pamiarsa. Kalimah éféktif mangrupa kalimah anu teu nimbulkeun karagu-raguan (ambiguitas), pasalia, atawa salah tapsir.

Pikeun nyiptakeun kalimah anu éféktif, aya sababaraha sarat anu kudu dicumponan, saperti ébréh ieu di handap.

- (1) Gunggungan gagasan, nya éta gagasan anu diwakilan ku struktur kalimah (J-C-O-Pa-K);
- (2) Kohérénsi (dalit), nya éta ayana hubungan timbal balik anu hadé tur écés antara unsur-unsur nu ngawangun kalimah;
- (3) Panandes, nya éta mentingkeun unsur-unsur kalimah, seperti pindahna posisi dina kalimah, bangbalikan unsur, lalawanan, jeung partikel panganteb;
- (4) Variasi, nya éta ngaréka-réka wangunan kalimah kayaning kecap saharti, robahna posisi dina kalimah, jeung variasi panjang pondokna kalimah;
- (5) Paralélisme (kasajajaran), nya éta nempatkeun unsur-unsur basa anu satata dina wangunan (konstruksi) anu sarua;
- (6) Penalaran, nya éta prosés mikir anu narekahan pikeun matalikeun fakta-fakta jadi kacindekan nu manjing akal.

#### **j. Mekarkeun Paragraf**

Paragraf atawa alinéa mangrupa babagian tina wacana (karangan atawa omongan) anu diwangun ku kalimah-kalimah kalawan eusina nepikeun unsur wawaran (informasi) jeung gagasan utama minangka kadalina. Bahan ajar paragraf anu bisa dipilih, di antarana baé, ngawengku:

- (1) ide poko (gagasan utama) paragraf,
- (2) warna paragraf: induktif, deduktif, campuran,
- (3) Mekarkeun paragraf: (a) klimaks jeung anti-klimaks, (b) babandingan jeung lalawanan, (c) analogi, (d) conto, (e) prosés, (f) sabab-musabab, (g) umum-husus, (h) papasingan, jeung (i) wangenan (definisi) jembar.

#### **k. Ngalarapkeun Tanda baca jeung Éjaan**

Éjaan jeung tanda baca mangrupa kaédah anu bisa digunakeun dina nulis kalimah atawa wacana. Pangajaran éjaan jeung tanda baca henteu kalawan husus, tapi diadumaniskeun kana bahan ajar wacana. Aspék-aspek éjaan jeung tanda baca anu bisa dipilih minangka bahan ajar, di antarana baé, ngawengku:

- (1) *Makéna huruf*: abjad, vokal, konsonan, engang, sesebutan;
- (2) *Nuliskeun huruf*: huruf kapital, huruf dengdek;
- (3) *Nuliskeun kecap*: kecap asal, rundayan, rajékan, kantétan kecap, kecap sulur, pangantét, sandang, angka jeung lambang bilangan;
- (4) *Nuliskeun unsur serepan*;
- (5) *Tanda baca*: titik/peun (.), koma (,), titik koma (;), titik dua (:), jsb.

#### **l. Nulis jeung Maca Aksara Sunda**

Aksara daérah (Sunda) mangrupa sistem ortografi hasil masarakat daérah anu ngawengku aksara jeung sistem aksara pikeun nuliskeun basa daérah. Aya dua rupa aksara Sunda anu kiwari dipiwanoh ku masarakat Sunda téh, nya éta Aksara Sunda Jawa anu dasarna *Cacarakan* jeung Aksara Sunda *Kaganga* anu dasarna fonétis.

Ari bahan ajar aksara Sunda téh ngawengku:

- (1) aksara swara (vokal mandiri) jeung aksara ngalagena,
- (2) pananda sora, rarangkén aksara (vokalisasi) saperti: panghulu (i), pamepet (e), paneuleung (eu), panglayar (r), panyecek (ng), panyuku (u), panyakra (réndon r), panyiku (la), paneleng (é), panolong (o), pamingkal (-ya), pangwisad (-h), pamaéh patén;
- (3) angka atawa bilangan, jeung (4) tanda baca.

Kegiatan pangajaran aksara daérah (Sunda) ngawengku (1) nulis jeung (2) maca. Kegiatan nulis museur kana cara nuliskeun aksara, ari kegiatan macana museur kana maca aksara Sunda.

## **2. Mekarkeun Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP)**

### **2.1 Prinsip Kurikulum**

Dina *Kurikulum Berbasis Kompetensi: Kebijakan Umum Pendidikan Dasar dan menengah* (Puskur Balitbang Depdiknas, 2001:25) ditétélakeun yen "Mata Pelajaran yang disusun oleh Daerah: Daerah dapat menambah mata pelajaran yang disesuaikan dengan kebutuhan dan potensi daerah yang bersangkutan dengan porsi maksimal 4 jam pelajaran per minggu."

Satuluyna dina Bab 5 Struktur Persekolahan dan Struktur Program Kurikulum aya katerangan yen struktur persekolahan nganut prinsip ngundak (*berjenjang*) jeung sinambung (*berkelanjutan*). Prinsip ngundak ngébréhkeun satuan pendidikan atau sakola anu ngagunakeun "*penjenjangan*" ti mimiti jenjang prasakola, jenjang pendidikan dasar, jeung jenjang pendidikan menengah. Ari prinsip sinambung ngagambarkeun sakola anu ngagunakeun runtuyan kelas, anu dimimitiaan ti Kelas 0 nepi ka kelas XII. Wincikan runtuyan kelas dumasar kana jenjang pendidikan nya éta (1) Kelas 0 keur pendidikan prasakola, (2) Kelas I—VI keur pendidikan dasar, jeung Kelas VII—XII keur pendidikan menengah, anu ngawengku Kelas VII—IX keur SMP/MTs. sarta Kelas X—XII keur SMA, SMK, MA.

Di SMA/MA dipidangkeun sababaraha mata pelajaran anu dikelompokkeun kana tilu program "*pengkhususan*", nya éta program Ilmu Alam, Ilmu Sosial, jeung Basa. Penjurusan dilaksanakeun di Kelas II Semester 3 sanggeus diayakeun heula tes penempatan. Program penjurusan disaluyukeun jeung jurusan, departemén, atawa fakultas anu aya di paguron luhur. Ku kituna, ku cara dijurus-jurus pamilon atikan atawa murid baris dibekelan matéri prasarat lulugu (pokok) keur miluan matéri kuliah di paguron luhur.

Ku prinsip *multi entry and multi exit*, murid dibéré kalaluasaan pikeun pindah ti jurusan nu hiji ka jurusan lianna sanggeus nyumponan katangtuan anu ditetepkeun ku sakola turta dumasar kana tinimbangan bakat, minat, jeung kamampuh murid.

### **2.2 Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar**

Standar Kompetensi (SK) jeung Kompetensi Dasar (KD), nelahna mah KBK, pondokna tina Kurikulum Berbasis Kompetensi. Naon atuh SK téh? Ari ceuk tiori mah "sapuratina rencana jeung panataan ngeunaan kompetensi katut diajar anu kudu dihontal ku murid, kagiatan diajar ngajar, meunteun, jeung makihikeun sumber daya atikan dina ngamekarkeun kurikulum sakola" (Puskur Balitbang Depdiknas, 2002:3).



SK téh boga sawatara prinsip, di antarana, (1) pangalaman diajar nu sipatna holistik, étika, logika, éstétika, kinéstétika, jeung praktika; (2) ayana kasadaran budaya; (3) ayana pangaruh téhnologi, informasi, jeung globalisasi; (4) diajar salila gumelar; (5) museur ka murid; (6) pamarekan gembleng-masagi tur mimitran; jeung (7) kamampuh murid nu béda-béda.

Tujulna atawa oriéntasina SKKD téh kana (1) hasil jeung dampak anu dipiharep muncul di diri siswa ngaliwatan runtuyan kagiatan diajar nu miharti, jeung (2) rupining hal anu diébréhkeun dumasar kana kabutuh. Lebah dieu, SKKD téh kudu bisa méré dadasar (a) pangaweruh (kognitif), (b) kamahéran/kaparigelan (psikomotor), jeung (c) sikep nu alus (aféktif).

Éta tilu aspék téh kudu méré pangalaman nu pikaresepeun ka diri murid. Ari pangalaman diajar nu pikaresepeun téh, ceuk UNĚSCO mah, nyoko kana opat pilar, nya éta (a) diajar mikanyaho (*learning to know*), (b) diajar migawé (*learning to do*), (c) diajar mibanda (*learning to be*), jeung (d) diajar milampah hirup babarengan (*learning to live together*).

Diajar mikanyaho (*learning to know*) diolah dina uteuk (hemisper) katuhu. Kacékasan uteuk (*kecerdasan otak*) ajénna 10%, sésana mah 90% nyoko kana hal-hal nu patali jeung (*emotional, spiritual, social*) *question*. Anu aya dina uteuk kudu nyambung jeung nu aya dina haté. Naon sababna ka kolot kudu hormat tilawat, lantaran kolot gedé jasa ka urang. Geura tengetan ieu pupuh Maskumambang, minangka hasil 'guneman haté jeung pikiran (uteuk)'.

**"Hé barudak kudu mikir ti leuleutik,  
manéh kahutangan,  
ku kolot ti barang lahir,  
nepi ka ayeuna pisan."**

Diajar migawé atawa kaparigelan (*learning to do, skill*) nétélakeun yén diajar téh lain ngan semet inget wungkul, dapon apal waé. tapi kudu ngarti tur surti, malah kudu parigel, boh ngucapkeunana boh migawéna. Nya ucap nya lampah (?) Dajar basa, lain keur élmu, tapi keur gaul (komunikasi). Lain diajar tata basa heula, tapi langsung bacéo, torojogan nyarita. Sing nepi ka bisa cas-cés-cos ngawangkong.

Diajar mibanda (*learning to be*) nétélakeun yén kamampuh, kamahéran, jeung batin atawa aféktif kudu jadi milikna sorangan. Siswa diajar ngawangun panyangkemna sorangan kalawan rancagé (*students learn best by actively constructing their own understanding*). Ku cara kitu dipiharep siswa bisa asup kana "Gapura Panca waluya", lima lawang pikeun hirup barina hurip, salamet di dunya jeung di ahérat, nya éta *cageur, bageur, bener(-panger), pinter teu kabalinger, tur singer*.


Diajar milampah hirup babarengan (*learning to live together*) nyoko kana diajar ngelompok téa. Ku cara ngelompok siswa bisa gawé babarengan, rempug jukung sauyunan, ka cai jadi saleuwi ka darat jadi salebak. Dina diajar sing bisa silih élédan (*sharing*) jeung babaturan. Patali jeung diajar hirup babarengan aya pupuh Pucung anu unina kieu.

**“Utamana jalma kudu réa batur,  
Keur silih tulungan,  
Silih titipkeun nya diri,  
Budi akal ngan ukur ti pada jalma.”**

Tina opat pilar diajar téh, siswa sing jadi “teuneung jeung ludeung” dina nyorang pakumbuhan. Robah sikepna, tina “sawios abdi mah di pengker”, jadi kudu aya di baris hareup. Sikep ngabaékeun kana diajar lantaran teu boga buku, “atuda teu gaduh artos kanggo mésér buku”, kudu dirobah “sanajan teu gaduh artos, buku mah tetep ngagaleuh”.

Anu has tina KBK téh ayana istilah *kompeténsi*, nyatana ‘kamampuh’. Eusina mangrupa kaweruh, kamahéran (psikomotor), jeung ajén-inajén (aféktif) dasar, anu diébréhkeun (diréfléksikeun) kana kabiasaan mikir jeung milampah. Ari kabiasaan mikir jeung milampah kalawan ajeg (konsisten) tur sinambung (kontinyu) bisa ngawujudkeun siswa jadi mampuh (kompetén) pikeun milampah hiji hal.

Kompeténsi basa jeung sastra Sunda nyoko kana kompeténsi wacana, anu nurutkeun Celce-Murcia *et al.* (1995:10), ngalibetkeun rupa-rupa kompeténsi lianna saperti kompeténsi basa (*linguistic competence*); kompeténsi paripolah (*actional competence*) anu ngawengku kompeténsi polah ucap keur basa lisan jeung kompeténsi rétorik keur basa tulis; kompeténsi sosial budaya (*socio cultural competence*), kaasup kompeténsi sastra, jeung kompeténsi stratégis (*strategic competence*). Baganna kieu.



### 2.3 Raraga SKKD Basa jeung Sastra Sunda

Eusi *Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda* diwangun ku dua bagian. Jaba ti éta, aya bagian panambah (suplemén). Kieu wincikanana téh.

- a. Bab I Bubuka, anu eusina ngawengku tujuh rupa kayaning:
  - (1) Rasional: rujukan formal jeug kondisional;
  - (2) Wangenan Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar;
  - (3) Fungsi jeung tujuan pangajaran basa jeung sastra Sunda;
  - (4) Standar Kompetensi lintas kurikulum;
  - (5) Standar kompetensi eusi; jeung
  - (6) Standar kompetensi lulusan.
- b. Bab II Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar
  - (1) *Standar kompetensi*, nu mangrupa gambaran umum kamampuh basa jeung sastra, nu nyoko kana opat kaparigelan basa (ngaregep keun, nyarita, maca, jeung nulis), patali jeung (a) bahan ulikan, (b) sakola, jeung (c) kelas.
  - (2) *Kompeténsi dasar*, nu mangrupa kamampuh minimal dina pangajaran anu kudu kapimilik, kacangking, jeung dipilampah ku murid.  
Kompeténsi Dasar ngamuara kana opat kaparigelan basa jeung sastra, nya éta ngaregepkeun (2 KD), nyarita (5 KD), maca (4 KD), jeung nulis (3 KD). Dipatalikeun kana sastra, ngaregepkeun jeung maca nyoko kana aprésiasi sastra, ari nyarita jeung nulis nyoko kana éksprési sastra.

### 3.4 Nyusun Silabus jeung Sistem Meunteun

Kurikulum minangka wujud operasional, pangjabar, tur pagwilah tina Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar, anu mangrupa pedaran matéri pokok nu leuwih spésifik, pangalaman diajar, jeung warna évaluasi. Ari gunana geusan jadi padoman guru dina ngararancang, ngalaksanakeun, jeung ngolah pangajaran. Kurikulum (baca: silabus) disusun ku guru di sakola atawa MGMP. Aya sawatara tahap dina nyusun kurikulum, nya éta:

- (1) *idéntifikasi* (kelas/semester);
- (2) ngaruntuykeun aspek kapargelan basa (ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis);
- (3) ngaruntuykeun *standar kompetensi jeung kompetensi dasar*;
- (4) nangtukeun bahan lulugu (*matéri pokok*) katut wincikanana;
- (5) milih tur nyusun *pangalaman diajar* (kagiatan fisik-méntal siswa patali jeung bahan);
- (6) ngawincik *Kompeténsi Dasar* kana cicirén (*indikator*) hasil diajar;
- (7) ngawincik *indikator* kana *penilaian* (warna tagihan, wangun instrumén).

*Warna tagihan* ngawengku (1) kuis, (2) pertanyaan lisan, (3) ulangan sapopoé (harian). (4) ulangan blok (réndonan rupining kompeténsi), (5) tugas individu, (6) tugas kelompok, (7) réspónsi (ujian prakték), jeung (8) laporan kegiatan (praktikum, widyawisata, jsté.).

*Wangun instrumen* bisa *tés* bisa *non-tés*. Wangun *tés* ngawengku (1) pilihan ganda, (2) uraian obyékif (BUO), (3) uraian non-obyékif (BUNO), (4) jawaban atawa eusian singget, (5) ngajodokeun, (6) ngaragakeun (unjuk kerja, performans), jeung (7) portofolio (kumpulan tugas jeung karya siswa katut kamekaranana).

Hal-hal anu kudu aya dina kurikulum nya éta (1) idéntitas (ngaran sakola, mata pelajaran, kelas/seméster), (2) standar kompeténsi, (3) kompeténsi dasar, (5) indikator, (6) pangalaman diajar, (7) matéri pokok, jeung (9) warna penilaian. Formatna di handap ieu.

Kelas/Seméster :

1. Menyimak (*ngaregepkeun*)

10.1 Standar Kompeténsi: .....

Kompeténsi Dasar	Matéri Pokok	Indikator	Pengalaman Belajar	Jenis Penilaian

## 5. Pamunah Wacana

Panutup catur, pamungkas carita, mudah-mudahan naon-naon anu dipidangkeun téh aya mangpaatna pikeun urang sadayana, utamana dina miara, ngabina, ngamumulé, tur mekarkeun basa Sunda.

*Beunteur désa kasorogok,*

*pelemna karasa baé.*

*Seueur basa anu nyogok,*

*tebih tina basa saé.*

Cag!

Pangancikan, Mei 2006  
Pun,  
Yayat Sudaryat

**STANDAR KOMPETENSI DAN KOMPETENSI DASAR SMA/SMK/ MA  
KELAS X**

<b>Standar Kompetensi</b>	<b>Kompetensi Dasar</b>
<p><b>1. Menyimak (<i>ngaregepkeun</i>)</b> 10.1 Mampu menyimak, memahami, dan menanggapi berbagai wacana lisan yang berupa pidato (<i>biantara</i>) dan siaran radio/ televisi.</p>	<p>10.1.1 Menyimak bahasa dan isi pidato. 10.1.2 Menyimak bahasa dan isi siaran radio/televisi.</p>
<p><b>2. Berbicara (<i>nyarita</i>)</b> 10.2 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara lisan dalam menceritakan pengalaman, bercerita (<i>ngadongeng</i>), berpidato, bercakap-cakap, dan berdiskusi kelompok.</p>	<p>10.2.1 Menceritakan pengalaman 10.2.2 Bercerita (<i>ngadongeng</i>) 10.2.3 Berpidato (<i>biantara</i>). 10.2.4 Bercakap-cakap 10.2.5 Berdiskusi kelompok.</p>
<p><b>3. Membaca (<i>maca</i>)</b> 10.3 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam berbagai ragam tulisan yang berupa sejarah lokal/cerita babad, puisi, carita pondok, dan berita dari surat kabar/ majalah/media elektronik</p>	<p>10.3.1 Membaca berita (<i>warta</i>) dari surat kabar/majalah/media elektronik. 10.2.2 Membaca sejarah lokal/cerita babad 10.3.3 Membaca apresiasi <i>carita pondok</i> 10.3.4 Membaca apresiasi puisi.</p>
<p><b>4. Menulis (<i>nulis</i>)</b> 10.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam berbagai ragam tulisan yang berbentuk terjemahan atau aksara Sunda, surat, dan biografi (<i>riwayat hirup</i>).</p>	<p>10.4.1 Menerjemahkan atau menulis aksara Sunda. 10.2.2 Menulis beragam surat. 10.2.3 Menulis biografi</p>

## KELAS XI

Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
<p><b>1. Menyimak (<i>ngaregepkeun</i>)</b>            11.1 Mampu menyimak, memahami, dan menanggapi berbagai wacana lisan sastra dan nonsastra berupa lagu kawih/tembang dan cerita wayang.</p>	<p>11.1.1 Menyimak kawih/tembang secara langsung atau melalui radio/televisi.            11.1.2 Mendengarkan carita wayang secara langsung atau melalui media kaset/radio/televisi</p>
<p><b>2. Berbicara (<i>nyarita</i>)</b>            11.2 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara lisan dalam rapat, dongeng, berita, wawancara, dan drama.</p>	<p>11.2.1 Menyampaikan pengumuman (<i>bewara</i>) atau pesan (<i>talatah</i>).            11.2.2 Bercerita (<i>ngadongeng</i>).            11.2.3 Memimpin acara rapat.            11.2.4 Mewawancarai tokoh.            11.2.5 Bermain peran (<i>ngaragakeun</i>).</p>
<p><b>3. Membaca (<i>maca</i>)</b>            11.3 Mampu memahami dan menanggapi berbagai wacana tulis melalui membaca biografi, novel, laporan jurnalistik perjalanan, dan bahasan.</p>	<p>11.3.1 Membaca wacana Biografi.            11.3.2 Membaca apresiasi novel            11.3.3 Membaca laporan jurnalistik perjalanan (<i>lalampahan</i>)            11.3.4 Membaca bahasan</p>
<p><b>4. Menulis (<i>nulis</i>)</b>            11.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam berbagai ragam tulisan yang berbentuk teks pidato, cerita pendek, resensi buku, laporan kegiatan, dan teks drama.</p>	<p>11.4.1 Menulis <i>carita pondok</i>            11.4.2 Menulis laporan kegiatan            11.4.3 Menulis resensi buku</p>

## KELAS XII

Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
<p><b>1. Menyimak (<i>ngaregepkeun</i>)</b>            12.1 Mampu menyimak, memahami, dan menanggapi berbagai wacana lisan berupa dongeng dan percakapan (<i>wangkongan</i>).</p>	12.1.1 Menyimak dongeng dari radio/kaset/yang dibacakan 12.1.2 Menyimak percakapan dalam berbagai situasi
<p><b>2. Berbicara (<i>nyarita</i>)</b>            12.2 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara lisan melalui bercakap-cakap (<i>guneman</i>), memandu acara, memimpin diskusi (<i>panumbu catur</i>), berdiskusi/ berseminar, dan berpidato dalam berbagai situasi.</p>	12.2.1 Bercakap-cakap ( <i>maguneman</i> ) 12.2.2 Memandu acara (MC) 12.2.3 Memimpin diskusi (moderator) 12.2.4 Berdiskusi atau berseminar 12.2.5 Berpidato dalam berbagai situasi
<p><b>3. Membaca (<i>maca</i>)</b>            12.3 Mampu memahami dan menanggapi berbagai wacana tulis melalui membaca artikel, bahasan, dan <i>carita buhun</i>.</p>	12.3.1 Membaca artikel tentang budaya 12.3.2 Membaca bahasan kesenian 12.3.3 Membaca apresiasi <i>carita buhun</i>
<p><b>4. Menulis (<i>nulis</i>)</b>            12.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis melalui menulis puisi, esai, serta teks drama.</p>	12.4.1 Menulis puisi ( <i>wangun ugeran</i> ). 12.4.2 Menulis esai. 12.4.3 Menulis teks drama.

## **STANDAR KOMPETENSI BAHASA DAN SASTRA SUNDA**

### **A. Rasional**

#### **Dasar-dasar Hukum:**

- a. UUD 1945, Bab XV, Penjelasan Pasal 36 tentang Bahasa daerah;
- b. Undang-undang No. 22/1999 tentang Pemerintahan Daerah;
- c. Undang-undang No. 20/2003 tentang Sistem Pendidikan Nasional;
- d. Permen RI No. 19/2005 tentang Standar nasional Pendidikan;
- e. Permen RI No. 21, 22, 23 Tahun 2006 tentang Standar Isi, Standar Kompetensi Lulusan, dan Pelaksanaannya;
- f. Perda No. 5 Tahun 2003 tentang Pemeliharaan Bahasa, sastra, dan Aksara Daerah;
- g. Rekomendasi UNESCO tahun 1999 tentang Pemeliharaan Bahasa Ibu;
- h. Simpulan Seminar Politik Bahasa Nasional di Jakarta 1975 tentang Bahasa Nasional, Bahasa Daerah, dan Bahasa Asing.

#### **Dasar-dasar Kebahasaan:**

- a. Bahasa Sunda sebagai bahasa ibu dan bahasa daerah.
- b. Bahasa menjadi bahan pembelajaran di sekolah-sekolah.
- c. Bahasa Sunda memiliki ragam bahasa (lulugu, wewengkon).
- d. Belajar bahasa adalah belajar berkomunikasi dan berpikir.
- e. belajar sastra adalah belajar menghargai nilai-nilai kehidupan dan kemanusiaan.
- f. Belajar bahasa dan sastra Sunda pada dasarnya belajar budaya Sunda.

### **B. Pengertian**

Program untuk mengembangkan pengetahuan, keterampilan berbahasa, dan sikap positif terhadap bahasa dan sastra Sunda.

### **C. Fungsi dan Tujuan**

SKKD berfungsi sebagai acuan bagi guru dalam menyusun KTSP sehingga segi-segi pengembangan pengetahuan, keterampilan, serta sikap berbahasa dan bersastra Sunda dapat terprogram secara terpadu.